

ENSTRIKSYON AK FÒM POU AFIDAVI BILTENVÒT VOTE- PA-LAPÒS

Afidavi sa a se pou yon votè ki retounen yon sètifika vote-pa-lapòs biltenvòt ki pa gen siyati votè a oswa siyati a pa matche ak siyati ki nan dosye vote a.

A. ENSTRIKSYON YO - LI ENSTRIKSYON YO AK ATANSYON POU BILTENVÒT VOTE- PA-LAPÒS KA KONTE

Pou asire ke yo pral konte biltenvòt vote-pa-lapòs ou a, afidavi ou dwe ranpli epi retounen pi vit ke posib pou li ka rive jwenn sipèvizè eleksyon nan konte kote biwo vòt ou ye a pa pita pase 5 pm nan dezyèm jou aprè eleksyon an. Ou dwe:

Ranpli epi siyen afidavi ki anba a - siyen sou liy ki anlè "(Siyati votè a)" EPI

Enkli yon kopi youn nan fòm idantifikasyon sa yo (ID):

Idantifikasyon nivo 1 - ID aktyèl ak valab ki gen ladan non ou ak foto: pèmi kondwi Florid; Kat idantifikasyon Florid ki soti nan Depatman sekirite otowout ak otomobil; Paspò Etazini; kat debi oswa kredi; militè, elèv, sant retrèt, asosyasyon katye, oswa ID asistans piblik; kat idantite sante veteran ki soti nan Depatman Afè Veteran Etazini; pèmi Florid pou pote zam oswa yon zam kache; oswa kat idantite anplwaye ki te pibliye pa nenpòt ki branch, depatman, ajans, oswa antite nan Gouvènman Federal la, Eta, konte, oswa yon minisipalite; OSWA si ou pa gen youn nan fòm ki anwo yo nan ID, sèvi ak youn nan sa yo pito:

Idantifikasyon nivo 2 - ID ki montre non ou ak adrès rezidans aktyèl ou: bòdwo sèvis piblik; deklarasyon labank; chèk gouvènman an; chèk salè; oswa dokiman gouvènman an (eksepte kat enfòmasyon votè).

Retounen deklarasyon sou sèman an ranpli ak kopi ID ou bay sipèvizè eleksyon konte ou pa youn nan fason sa yo:

- Delivre an pèsòn oswa yon lòt moun; oswa
- Pa lapòs, si tan an pèmèt ou (mete afidavi ki ranpli an ak kopi ID la nan yon anvlòp postal ak adrès bay sipèvizè a; asire w ke gen ase tenm ak adrès sipèvizè a kòrèk); oswa
- Faks oswa imèl [atache afidavi ki ranpli ak kopi ID a].

PA LAPÒS - Broward Supervisor of Elections, PO BOX 29026, Ft. Lauderdale, FL 33302-9026

FAKS - 954-357-7033 **IMÈL** - votebymail@browardvotes.gov

AN PÈSON - Ou ka pote dokiman sa yo ale nan Broward County Supervisor of Elections nan: 4650 NW 21st Avenue, Fort Lauderdale, FL 33309 (Phone No. 954-357-VOTE)

SITWEB - BrowardVotes.gov

Sonje byen, enfòmasyon ou DWE rive nan sipèvizè eleksyon konte w la pa pita pase 5 PM nan dezyèm jou aprè eleksyon an, oswa biltenvòt ou a pap konte.

B. FÒM

AFIDAVI BILTENVÒT VOTE- PA-LAPÒS

Mwen, _____ se yon votè ki kalifye nan eleksyon sa, epi ki enskri pou vote nan
(Ekri non Votè a)

_____ Konte, Florid. Mwen fè sèman solanèlman oswa afime ke
(Ekri Non Konte a)

Mwen te mande ak biltenvòt vote-pa-lapòs la epi mwen pa vote ak pap vote plis pase yon biltenvòt nan eleksyon sa a. Mwen konprann ke si mwen komèt oswa eseye nenpòt fwod an koneksyon avèk vote, vote ak yon fo biltenvòt, oswa vote plis pase yon fwa nan yon eleksyon, mwen ka kondane pou yon krim twazyèm degre ak yon amann jiska \$ 5,000 ak prizon pou jiska 5 an. Mwen konprann si mwen pa siyen afidavi sa a vle di ke biltenvòt vote-pa-lapòs mwen an pap valid.

(Siyati Votè a)

(Adrès Votè a)